



# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN K. W. LAN P.P.K.D.  
TJABANG SEMARANG.

Nalika dinten Setoe soerja kaping 31-5-'30. soten, K. W. toewin P. P. K. D. Semarang ngwontenaken parepatan warga, manggèn ing K. J. B. Bangkong. Ingkang ngrawoehi (lid lan tameo) prijantoon 31. Kinten-kinten djam 7<sup>1/4</sup> K. W. kabik kanti tatajara Katholiek toewin kados limrahing pakempalan. Sadérèngipoen voorzitter njandak agenda, atas naminanng Soerja Poespasoetjipta p. f. dateng sadérèk tetiga ingkang mentas katampi iksemipoen Schatkistambtenaar (i.p. sedérèk: Soerja, Poespasoetjipta, Santjaja). toewin ingkang ladjeng sinambetan keplok-gambaran sedérèk sadaja. Gegandèng kalijan kabingahan ing K. W. langkoeng-langkoeng sedérèk ingkang mentas examen. K. W. bênding badé ngwontenaken ringgitan. Poenika oegi kasambetan keplok kabingahan déning prijantoon sadaja.

Sasampoenoipoen poenika voorzitter ladjeng njandak agénda wosipoin:

I. Wara-wara pangreh K. W. 1e. maos verslag nalika pepanggihan Paascheest. 2e. oetoesan maos verslag Congres. 3e. maos serten saking P. K. W. prekawis damel Commissie njinao tata-tjara Katholiek.

Prekawis poenika K. W. Semarang oegi moetoes damel Commissie, kaprasraken pak: Mardi - Kawroeh toewin kabantoe sedérèk sawatavis sanésipoen ingkang kersa.

Sasampoenoipoen poenika voorzitter njela ngrembag lijst Semarang kangé dana ing Likanan toewin lijst dana kangé missie Sedajoe.

II. Prekawis padvinderij. Sedérèk Poespasoetjipta lezing bab babad-babadijpon padvinderij kebangsan ing Indonesia lan ingkang gegandèng kalijan poenika, toewin njiriosaken saénipoen padvinderij ingkang sadaja saëstoer boten wonten awonipoen.

Mergi sedérèk Poespasoetjipta ingkang kasawoeng dados leider pindah saking Semarang, K. W. moetoes déréng saged ngwontenaken padvinderij.

Wasana sasampoenoipoen voorzitter matoer noewoen dateng sedérèk Poespasoetjipta, K. W. katoetoep, kinten-kinten djam 9. Ladjeng kagantos pakempalan P. P. K. D.

Pakempalan P. P. K. D.

Pokokipoen ngrembag pilihun lid gemeenteeraad.

Ingsadérèngipoen, atas P. P. K. D. voorzitter ngatoeraken p. f. dateng sedérèk tetiga ingkang mentas katampi examenipoen. Ladjeng mangké ngrimoeti ngrembag lijst dana kangé Likasan.

Prekawis pilihun gemeenteeraad, bestuur sampoen kintoen serat dateng besruur B. O. jén neda madjeng sesarengan kalijan B. O. Woesana tampi wangsoelaan serat (ingkang oegi kawaos wonten parepatan poenika), ngrembag wosoipen B. O. boten saged nampi P. P. K. D. mergi lelampaahan waoe nedjang hoofdprogrampoen B. O. Wondéne hoofdprogram ingkang kados-poendi oengleipoen, ing serat ngrikoе boten kasebataken. Mangka tjeti jén B. O. madjeng sesarengan kalijan P. S. I. lan Penjoeloeh Semarang, boten kalijan P. P. K. D. Voorzitter oegi sampoen njoeloeh - njoeloeh kados poendi oengeling hoofdprogram waoe, nangng doemoegining endon, inggih namoeng saged nginten-nginten, bilik lelampaahan waoe gandéug kalijan artikul ageng P. P. K. D.

Wasana poetoesaing pakempalan P. P. K. D. badé madjeng pijambak, sanadjan nedalaken béja katah, rekaos membanting toelang menghabiskan tenaga. Panjadeng adjeng-ipoen kawon tjiatjak menang tjiatjak, méliké bati ervaring. Oetawi jén P. P. K. D. dipoen-katenaken kémawon sampoen moendoer, mangké mindak dipoen-sélekkaken dateng pakempalan sanésipoen. Wondéne sawoeng ingkang katoengeloekan adjeq sawoeng lami inggih poenika: sedérèk Martawidagda lan Soepadi.

Bakda poenika sedérèk Poespasoetjipta ladjeng lezing nerangaken tjaraning pilihun gemeente ngantos saterang-terangiipoen. Sasampoenoipoen voorzitter soeka panoewoen dateng pamedar sabda, pakempalan katoetoep kondjek ing Goesti Jésoes. Kinten-kinten djam 10<sup>1/4</sup>.

Verslaggever. Ketjil.

## CONFERENTIE WARGA P. P. I. I. AFD. SOLO.

Dinten Ngahad 1 Juli 1930 watawis djam 10, pakempalan<sup>2</sup> ingkang sampoen dados liding pak. P. P. I. I. inggih poenika: pak. Wanita Katholiek, pak. Aisjah lan pak. Santjaja-rini, sami ngawontenaken pepanggihan wonten dalemipoen sadérèk Koesan ing Kaoeman.

Ingkang karembag: Kadjawi netepaken wontenipoen conferentie, (inggih-poenika saben 3 woelan ngawontenaken pepanggihan para pangrehing pakempalan waoe), oegi ndapook Comité, badé kangé tjalon openbare vergadering.

Warga Comité:

1. sad. Th. Hardjasoebroto  
2. sad. X. Poerwatomodjo  
3. sad. Threes Soebirah.

Mila leres: djaman samengko kawroehana, dèn waspada lan was-kita. Lamoen tan mangkana kerep manggoeng nemoe pitoena.

Ki NALASETA. Djatimengeng.

## P. N. S. IN ACTIE !!!

Kala tanggal 25 Mei wingi poenika para goeroe<sup>2</sup> saking N. S. sami ngawontenaken panggihan wonten ing dalemipoen sdr. Wasiroen. Ingkang ndatengi warqa<sup>2</sup> P. N. S. Poerwokerto, poenika ingkang kangé papaning pepanggihan—; tjabang Banjoemas, Poerbolinggo, Soekaraja, Djatiluwang, Tegal, Karanganjar, Gombong, lan Bandjarnegara, goeng-goeng 25 tjiang. Oprichter P. N. S. sadérèk sepoeh t. Soepardi (Mantri goeroe Leerschool Poerwokerto) oegi nenggani.

Panggihan dipoewiwiiti djam 10 v.m. bibar djam 1.30 n.m. Wosing rembagan koela tjekak kados ing ngandap poenika:

Sdr. Soerawidagda kala Sawal wingi poenika tampi beslit pindah

Aisjah. { 4. sad. Parikrangkoeng.  
5. sad. Danoesobroto.  
6. sad. Sapari.  
7. sad. Soewijah.  
8. sad. Soekatja.  
9. Soedibja.  
  
Santjaja-Rini. { Ingkang katoeding dados:  
sad. Soewijah Voorzitster.  
Danoesobroto V. Voozitster.  
Threes Soebirah. 1e. Secretaresse.  
Soekatja 2e. Secretaresse.  
Sapari 1e. Penningmeesteresse.  
Th. Hardjosoebroto 2e. Penningm.  
X. Poerwoatmodjo { Commissaris.  
Parikrangkoeng { Commissaris.  
Soedibja sen  
Rantjangan bab besorah.  
1. Vrouwehandel (C.P.P.A.) = Padagan laré éstri,  
2. Spaarzaamheid lan Economie . . . .  
3. Kinderopvoeding = Panggoelawentahing laré  
4. Broederschap = Pasedérèkan  
5. Over Stad Solo = Kawontenan ing Solo.  
Watawis djam 12 pepanggihan katoetoep  
C. C. W. K.

## GANGSAL TAOENAN "MARIA-MEDIATRIX".

Kala dinten Ngahad, tanggal 18-5-'30 pakempalan "Maria-Mediatrix" ing Ambarawa ngwontenaken pepanggihan, manggèn ing dalemipoen R. M. Soerjabanaroesi, preloe mengeti adeging pakempalan sampoen djang-kep 5 taoen.

Ingkang rawoeh, kedjawi para warga lan warga mandjeroeng sagarwanipoen, inggih poenika pandjenenganipoen Rama Superior Pastor A. van Kalken — inggih pandjenenganipoen poenika ingkang ngadani M. M. — Rama A. de Kuyper (G. A. ring M.M.), Rama Hoevenaars, wakilang pakempalan-pakempalan "Éka-kapti" (pakempalanipoen prijantoon-prijantoon poetri ing Ambarawa), K.W., P.P.K.D., Debatingclubian Pangroek-Laja, dalah para tamoe sanés sawatavis: goenggoeng kempal wonten prijantoon ± 50. Kéndal djam 10 éndjing pepanggihan

katakoepakan.

**Programma:**

I. Para warga kapotré:

II. Menjanjianipoen para merid Meisjesvervolgschool. — Boten ngoetjijwani.

III. Sesorahipoen pangarsa M. M. Soearaipoen:

a. Ngatoeraken soegeng rawoeh dateng para ingkang sami lengghaan.

b. Matoer noewoen dateng R. M. Soerjabanaroesi toewin feestcomité.

c. Ngandaraken poenapa wigatospoeng papapanggihan poenika.

d. Andjlentréhaken babad-babadijpon M. M. wiwit madeg éngga samangké; lan njiriosaken poenapa ingkang dipointandangi M. M.

e. Nenangi manahipoen para warga. soepads sampoen ngantos kembang anggénipoen nggrengeng njamboet damel moerih adjenging M. M.

IV. Atoer kawiloedjengen saking wewa-kiling "Éka-kapti" lan pangarsan P.P.K.D. (atas naminanng P.P.K.D., K. W. Debatingsclub lan Pangroek-Laja.)

V. Menjanjianipoen para merid Meisjesvervolgschool. — Saé, adamel trenjoehing ingkang sami mirengaken.

VI. Rama Superior doemengen sarta medar sabda mawi basa Walandi.

Pandjenenganipoen saklangkoeng renaing panggaih, déné pakempalan M. M., ingkang nalika pandjenenganipoen taksih wonten ing Ambara sampoen naté ketinggal moendoer sanget, sapoenuka madjeng lan mempeng anggénipoen toemandang damel, sarta malah ladjeng saged ngwontenaken pepanggihan, preloe mengeti adeging pakempalan sampoen wonten 5 taoen.

Adeging pakempalan M. M. oegi sanget ndadosaken renanang panggalan dalam Kangdjeng Biskop ing Betawi. Saking karsa dalam soepads ambarawa samia ngoedi sagedipoen wonten Maria-congregatie kangé para wanita, lan soepads pakempalan M. M. kadadosna Sectie-ning Congregatie waoe. Poenika margi ingkang salaras sanget kalijan karsa dalam ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama Pius XI.

Pandjenenganipoen Rama Superior ngan-dika, bilik sarana makaten poenika pakempalan M. M. badé saja langkoeng moerakabi toemrap para sadérèk ing Ambarawa sawengkonipoen.

Minangka panotoep pandjenenganipoen ngadjeng-adjeng sanget, soepads boten namoeng ing Ambarawa kémawon katindakaken makaten nangng oegi ing sanés panggénan.

VII. Para merid ing Meisjesvervolgschool menjanji malih: adamel saja regenging pepanggihan.

Sasampoenoipoen sami lelenggahan saentwas sinambi ngoendjoek wédag lan dahar njamikan, ladjeng dahar prasmanan. Boten let dangoe toemreoten sami bibaran.

Laré Pening,

P. S. Ing dinten kasboet ing ngadjeng wantji djam 6 éndjing, para warga sami ndaré Koerban Mis Soetji, ingkang kaeo-djoekan kangé njoeownaken berkahing M. M., lan sami tampi Panoenggal Soetji.

L. P.

saking bawah Karanganjar dateng kita Banjoemas, mawi katetepaken dados leider koerses goeroe doe-soen ngrikoe mawi toelah per maand tjiang dina pop. (f 30).

Sareng sampoen wonten Banjoe-mas tansah tampi pasemon saking S. O. nipoen, ingkang isi pangina, oetawi pandakwa jén sdr. Soera (maaf wong ming weton N. S., dadi ora saka K. S.) boten saged njepeng toentoean dados leider koerses goeroe doe-soen ngrikoe mawi toelah per maand tjiang dina pop. (f 30).

Demedakan kala April kapengker K. T. Inspecteur rawoeh ing pameloanganipoen sdr. Soera, da-woeh bilik sdr. Soera kalorod saking leider, dados hulpleider. Ingkang dados leideripoen kepala sekolah kl. II no. 2. (saking K. S.), (sdr. P. S. Atmasoedarma??). Déné sdr. Martasiswaja (N. S.) kalorod of kapotjot saking anggénipoen dados hulpleider. Kasian!! Anggénipoen sdr. Marta kalorod poenika margi pamoelanganipoen zonder klas I II III

Doemadakan kala April kapengker K. T. Inspecteur rawoeh ing pameloanganipoen sdr. Soera, da-woeh bilik sdr. Soera kalorod saking leider, dados hulpleider. Ingkang dados leideripoen kepala sekolah kl. II no. 2. (saking K. S.), (sdr. P. S. Atmasoedarma??). Déné sdr. Marta kalorod poenika margi pamoelanganipoen zonder klas I II III

(vervolgschool. \*)

Bab ingkang makaten poenika pratanda:

I. Panggigilan anggénipoen mbenoem boten dipeno-galih jektosan, tandanipoen boten sabda pandita, pangandika ratee. Poenapa inggih beslit klintoe???

II. Panggigilan katingal boten pitados dateng kita N. S. ers, boekti sampoen benoem met besluit tanggal nomer dados leider, kok KATJA-BOET.

III. Ingkang makaten poenika pi-hak ngginggil katingal boten adil, alias pilih sih!

IV. Damel isin kita N. S. ers roemaos dipoenanggé dolanan, kadamel sakersanja, kabenoem — katjaboet —

N. S. ers . . . .

VI. Satroesipoen . . . .

Inggih leres lelampaahan kaseboet waoc saweg satoenggal kalih tiga, (kalebet sdr. M. Tjipta leider koerses goeroe doe-soen Bandjarnegara met besluit, oegi sampoen kalarod kadadosaken hulp!), nanging mangké rak saged . . . ngéngini golongan kita. Mila kedah kita tandangi moerih sampoen keladjeng-ladjeng.

Poetoesan rembag oebjeg, badé damel protés, kantoen milih, a) dateng H. B. P. N. S. soepads kala-djaken dateng ingkang wadjib déning P. G. H. B.; poenapa: b) njejer protés kantoen milih, a) dateng Deparment, V. B. P. G. H. B.; H. B. P. N. S. dateng pers Indonesia (Bintang Timoer, Sedio Tomo, Darmo Kondo, Fadjar Asia, Bahagia enz.). . .

Kanti swara oemoem kapilih ingkang b. Déne oengel-oengelaning protés sarta ingkang nindakaken kaprasraken sdr. sepoeh t. Soepardi.

Moegi<sup>2</sup> angsal woh moerakabi kangé kita N. S. ers.

Verslaggever ! !

## VAN LITH-STICHTING.

SINTEN  
ingkang déréng  
dados warga  
V. L. S.  
énggal  
koela atoeri  
MLEBET!

Pangrèh V. L. S.

Bijz. H. I. S.

MAGELANG.

## KABAR WARNI-WARNI

### SOERAKARTA. "Morgenster."

Béndjing malem Setoe 6/7 K.P.B. de "Morgenster" badé ngawontenaken tooneel opvoering lampahan "Hadjisoka" manggèn ing R.K. Europees School. Poenika waoe mligi kangé laré-laré!!!

Malem Senèn tg. 8/9 kangé tjiang-tjiang sepoeh!!

Prabéja mlébet.

Laré Djawi f 0.12

Tjiang sepoeh f 0.48

Sinjo f 0.48

Soldaat f 0.48

Bangs mantja f 0.96

Kaentoengan kangé ndandosi organisatie K.P.B. de "Morgenster" lan ngrembag "Grédja énggal."

KABAR KATHOLIEK.

Pastoor Djawi ingkang tjalon angadjawi.

Saking golongan ingkang kenging pinitados, koela mireng kabar bilih pandjenenganipoen pastoor Soekiman toewin Djajasepoetra bêndjing Agoestoes—Septèmber ngrikoo badé wangsoel angadjawi, sareng-sareng kalijan pastoor Spekle ingkang kala taksih frater lengah wonten Moentilan. Sadérèng sasampoenipoen ngatorerak soegeng rawoeh!

Pisoengsoeng lampoe.

Centrale Comité ing Roem, kala malem tanggal 28 April poenika misoengsoengaken lampoe éléktis ing Grédja agoeng St. Jan van Leteren, minangka pangénget-énget sekétk taoenan dalam Pius XI.

Para Kg. Kardinaal toewin prajagoeng Pasamoewan Soetjsianés-sanèsipoen sami sowan dateng Grédja, ingkang pinadangan lampoe 700. padangipoen 120.000 lilin.

Mexico.

Minister Binnenlandsche Zaken, Portes Gil, (roemijn naté dados wd. president), nembé poenika da-

woeh noetoep sakolahan tiga, margi oengelipoen nradjang papatjak ngawi moelangkan Agami.

Ing nagari Tabasco, pangoeja-eja dateng tijang Katholiekk taksih lestanto, margi nagari ngrikoe boten poeroen ngakeni bedamini-poen Pasamoewan Soetji kalijan pradja Mexico. Toetoenggoel Katholiekk kakalih sami itjal sarta itjalipoen waoe njala wados. Grédja grédja dipoadjarah raja lan karisik malih; ngoelama-ngoelama gesangipoen sami ameng-amengan njawa.

Wonten pawartos radi njeneng-aken, i. p. biskop Mexico tetiga ingkang doemoegi sapriki taksih wonten boetjalan, badé kawangsoelaken dateng Mexico malih.

Maha Biskop ing Guadalajara ingkang sasampoenipoen wonten bedamén taksih kaboetjal, sampoen tampi pawartos officieel bilih kondooripoen dateng kabiskopan Guadalajara kaparengaken nagari.

Sasampoenipoen Chipa dipontantjebi Bisschop énggal, namoeng kantoon koekoeban Tabasco ingkang dèrèng wonten Biskopipoen.

doeng ingkang kados makaten ingkang wonten salebetung pahargjan poenika sanget kawigatosaken.... Margi makaten waoe, sapisan engkas koela ngatoeraken genging panarimah koela . . . " (Locomotief).

Wangsoel saking Digoel.

Sémahipoen Dasoeki ingkang tomoet netoetaken lakinipoen dateng Digoel, wangsoel dateng Soerakarta. Manoet tjarijospoene mev. Dasoeki waoe Boven Digoel sapoenika kattingal redja, tentrem. Wonten ton-tonan warni-warni, sakolahan éstri, poenapadéné schakelschool. Wangsoelipoen mev. Dasoeki waoe metoek anakipoen kakalih. (Darma Kanda).

Paos sepéda Prabalingga.

Gemeente raad anetepaken paos sepéda kanggé koekoeban gemeente Prabalingga.

Batinipoen kaoem hartawan.

Cultuur Maatschappij Tjèpér an-doen bebatén (dividend): 43%; C. M. Randoegoint-Tjandisewé: 18%; C. M. Medari: 15%; (tiga pisan kaboodidjan tanah Kedjawen).

Maskapé S. C. S. andoem batí: 7%; S. J. S.: 9%; O. J. S.: 5%; S. D. S.: 9%; (Aneta).

Sasakit rosan.

Soer. Hdld. mireng bilih quaran-tainetuun-ipoen proefstation Ranoe Daroengen katitik bilih rosan ingkang kadatengen saking Philippinen ngewrat sasakit. Sasakit rosan waoe wonten ing Philippinen lan Australie sanget angrisakaken taneman rosan. Sasakit ing nginggil saweg sapisan poenika kasoe-merepan ing tanah Djawi. Sabab ing sasakit poenika dèrèng kasoe-merepan. Para ahli rosan sami nindakken paniti priksa.

Pegatan lan ningkahan ing djagad Islam.

Pambanteo Sedya Tama ing Soerabaja njarijospoene salebetipoen ti-jang minggoenan kapengker, land-raad Soerabaja moetoes prakawis pegat lan ningkahipoen tijang éstri Islam anama Siti Aisah. Tijang éstri poenika dipoenkelah lakinipoen ingkang kawitan anama hadji Bakri ing Sidahardja. kadakwa anindakaken bigamie (bodjo loro). Menggah sababipoen awit tijang éstri waoe dèrèng katalah hadji Bakri, sampoen wani ningkah kalijan hadji Toha ing Soerabaja. Déné ingkang ningkahaken sad. Wandasoedirdja sesepoehing P. S. I. I. Soerabaja. Kadjawi poenika hadji Toha kadakwa njolong rabinipoen ngantos gadah anak.

Poetoesaning landraad, tijang éstri lan bodjonipoen nomer kalih, loewar.

Parepatan oemoem C. P. P. A.

Kala malem Selasa 2-3 Juni poenika, Comite Pembrantasan Pen-djoelaan Anak-anak ing Ngajogjakarta ngawontenaken parepatan oemoem manggèn ing Djajadiroeran, dipoenpangarsani mev. dokter Soekanta, wiwit dijam 8 doe-moegi 11.15.

Ingkang dateng ± tijang 1.500, saperangan ageng golongan wanita langkoeng-langkoeng wanita Mohamad Djah.

Pakempalan-pakempalan ingkang ngintoenaken wakil ± wonten 30, wakil serat kabar pepak. Prijantone ageng ingkang rawoeh, wakil bureau bestrijding van Vrouwenhandel ing Betawi, wakil Inl. Zaken toeant Soewirja, mr. dr. Soepama, lss.

Sasampoenipoen parepatan bin-neokanan ing voorzitter, panitra C.P.P.A. mejuff. Soenarjati, ambabadaken lalampahanipoen laré éstri tiga asli Koetawinangoen ingkang kasadé tijang, sarta saged kapitoeloengen margi pitoeloenganipoen dokter Saoedin ing kapal Tasman, kados ingkang sampoen katjarijosa-ken wonten Sw. T. Ian serat-serat kabar sanésipoen.

Lalampahan poenika anggondjing-aken manahipoen kaoem wanita, langkoeng-langkoeng ingkang sami manoenggal wonten ing P. P. I. I., satemah P. P. I. I. ing Mataram la-djeng ngwontenaken C.P.P.A., déné warganipoen mèh sadaja pakempalan-pakempalan ing Ngajogjakarta.

C. P. P. A. waoe gagajoehanipoen nedya amerangi padagangan ingkang sanget ngasoraken daradjading wanita Indonesijah. Sad. Soenarjati ngadjeng-adjeng soepados sadaja samia ambijantoe C. P. P. A.

Siti Moendijah, sasampoenipoen nerangaken daradjading manoengsa langkoeng inggil tinimbang titah sanésipoen, angadjeng-adjeng soepados sadaja tijang sami anilara patilasan ingkang saé sampoen ngantos kawon kalijan kewan; oep-gadjah manawi pedjah nilar gading, oeler nilari soetra sasaminipoen.

Manoengsa kedah mitoloengi kasangsaran oemoem, mila kedah oegi ambijantoe gagajoehanipoen C. P. P. A. . .

Dipoenpratélakaken oegi kawon-tenan ingkang kagolong angasoraken daradjading wanita Indonesia poenika tetijang éstri ingkang sami dadas palanjanan, ingkang sami da-

Swara Oemoem 21 April, '30 meti pawartos Bintang Timor anjai-rijosaken bilih kita Koeningen dodos toetoenggoel prakawis DANSAH!

Daradjading poetri-poetri Indoné-sijah sami karisak déning bangsa manjta, wonten salebetung andjogéd tijara Éropah!

Wohipoen djogèd rangkoel-rangkoelan ing ngrikoe katjarijospoene: grija kotjar-katjir, tijang djaler pa-ben kalijan tijang éstri, tetjang éstri nedé pegat, oetawi tijang djaler ke-soepén kalijan rabinipoen, margi tan-sah kénégetan kantjanipoen dansah bangsanipoen pijambak oetawi bangsa sanés! . . .

Mangga, sinten ingkang mastani kadadosan makaten poenika saé, oetami, kadjawi ingkang mila sam-poen kérém ing karisakan?

Manawi dansahipoen bokmanawi inggih boten poenapa-poena, awit tjarijospoene ingkang gadah, dansah makaten kagoenan! Nanging, . . . wonten salebetung dansah té-téla gampil sanget tijang nandoekaken patrap pangoediwit, ingkang toendiponipoen andadosaken békaning ngagesang. . . .

Ing Bahagia, kolom Soeara Pers, tanggal 13 Mei, njarijospoene kala malem Ngahad 3-4 Mei, ing kita Prabalingga wonten tijang gadah damel mantoe. Wonten ing pista ngrikoe para né-néman bangsa kita (ingkang katah saking Soerabaja) sami ambeksa tjara Kilén waoe! Saja awonipoen malih, déné para sepoeh sami njontoni! Mila ingkang aném inggih ladjeng kados dipoenpetjoet!

Pandjenengan sami mangretos para né-néman taksih sarwa kentjeng, soegih idam-idaman, boten keki-rangan koewanén toewin initiatif.

Banda makaten kedah kadjagi sam-poen ngantos kasilep ing alam peper, alam nista lan sangsara!

Kados ingkang kaseboet ing De Tijd 11 Febr. '30, secretaris pradja Vaticaan pandjenengan dalem Kg. Kardinaal Pacelli angandikakan: "Pasamoewan Soetji bakal angetog dajané preloe ngajomi lan roemeksa toeking kabegdján apa-déné kaloehoeraning para nonoman. . . .": Déné soemebaring kabeg-dján para nonoman maoe: kutumba, omahing wong ngafowané, kang atatales pangandel marang Pangéran, katresnan sarta katentreman.

(de Kerk zal alles doen wat in haar macht is, om de bronnen van het geluk en de waardigheid van de jeugd te beschermen en te verdedigen . . . (en) . . . de bron van het jeugdige geluk is het gezin, het ouderlijk huis, dat is opgebouwd op het geloof aan God, op liefde en vrede.)

Para sepoeh Katholiekk! Pangandika dalem Kg. Kardinal Pacelli poenika koela atoeri njatet ingkang saéstoe! Kasoesilaning poeta, koela atoeri ambénteng ingkang santosa! Sanadyan ing djagad Katholiekk Djawi taksih dlemoktoeng ingkang sadjak mimitrak kalijan dansah rangkoel-rangkoelan, nanging poenapa awonipoen ngegaraken paojeng sadérèngipoen djawah, mrajitnani babaja ingkang badé ngobrak-abrik kasoesilaning anak-anak kita! Déné babaja waoe kadjawi sanés-sanés, kalebet oegi djaler-éstri, djakapravian dansah oebrig-oebeng!

Kumuningsaselé 31 Mei '30.  
Taklim: PATJAR MÉRAH.

Nalar-nalaripoen laré sami kasadé poenika, 1. dipointjolong sarana boedjoekan; 2. dipoensadé tijang sepoehipoen pijambak, kanggé netoppi samboetan; 3. mila kadjeng-ipoen laré pijambak.

Toemrap jaladan no. 2, lan 3, pamedar sabda nedaken pambéngkas ingkang prajogi, i. p. ngatahi sakolahan lan roemah didikan kados grija lola sasaminipoen.

Sadérèk Maha Radja Sajuti Lubis sasampoenipoen ngandarakken kasangsaranipoen tijang éstri kontrakkan ing tanah Délì gandengipoen kalijan vrouwenhandel, anetepaken bilih ing djagad poenale sanctie katah prakawis-prakawis ingkang sasambetan kalijan vrouwenhandel. Mila, neda soepados 1: C.P.P.A. matah tijang amriksa kawontenan ing ngrik; 2: damel sesorah wonten ngadjengipoen tetijang éstri waoe; déné sesorahipoen kaprajogékaken boten angge-pok politiek.

Katerangaken oegi bilih sababing vrouwenhandel poenika kadjawi ga-gajoetan kalijan economie, oegi kababaken déning pesravoengan [pergaoelan] toewin kekirangan onderwijs.

Sad. Haanie, sasampoenipoen ngandarakken kasangsaranipoen tijang

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

PAKOLÉH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWET  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON DUNLOP R. I. W.  
RIJWIELEN  
Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!  
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

## TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

### ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak-anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

### Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATIJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.

ROTI-ROTI, KOEWEE-KOEWEET  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat  
Toko DJOEN & Co.

### TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.  
kawadahan ing blèg, netto 10 5 2<sup>1</sup>/<sub>2</sub> 1 1<sup>1</sup>/<sub>2</sub> kilo;  
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;  
5 kilo: f 4,50.

### PABRIK TJET R.B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

djoeng daradjading wanita.

(Pèngét. Sosorahipoen Ki Adjar Déwantara poenika sanget nges lan mranaani, saged laras kalijan gagajoejan kita prakawis sociaal. Mila, sasaged-saged koela sosorah waoe badé koela pèngeti ing ngriki ingkang rowa, kawrat ing Sw. T. bén-djing Djemoeah ngadjeng. A. S. D.)

Sabakdanipoen prijantoon-prijantoon kaseboet nginggil, ingkang anggènipoen medar sosoeran pantjen pinidji ing C.P.P.A., ladjeng won-ten prijantoon tiga oeroen rembag ingkang soeraosipoen boten preloek koela pèngeti ing ngriki.

Koela tjetet oegi, rikala pauze, C.P.P.A. ngoepados darma kangé soembang soeroeng ragadipoen C.P.P.A. . . . . sarta pidantoeck f 39,54<sup>6</sup> (tigang dasa sanga roepiah, sèket sakawan sèn sabribil) . . . Dados jèn karatjak tijang satoenggal namoeng sabénggol. Tegesipoen: . . . (koela atoer ngiséni pijam-bak!) — Verslaggever.

#### Warandanipoen dokter Slamet.

Gandeng kalijan anggènipoen dokter Slamet pedjah margi nglampahi wadijib kados ingkang nembe kawartosaken ing Sw. T. ngriki, dr. Winkel insepéktor Djawi Kilèn ngoesoelaken soepados waranda dalah anak-anakipoen dokter Slamet dipoenblandja salaminipoen gesang. (Java Bode).

#### Kapal Hadji Kongsi.

Nwe Vorstenlanden mireng bilih saking dajanipoen Mohamad Dijah sakedap malih badé wonten baita kapal kangé momot tijang minggah kadji. Kanggé perloe poenika, M.D. badé njadé tigang éwoe aandeel, mawi regi warni-warni.

Moerid Normaalschool Mr. Cornelis mogok.

Kanggé mrotés wontening prana-

### DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>8)</sup>	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang <sup>5)</sup>	7.	Pemalang <sup>3)</sup>	7.30.	Kependjén
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal
Djokja:				Sambong	8.	Tering
				Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup>
				Sedajoe	7.	Tjimahi
				Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon
				Semarang:	6 - 8.	Wates <sup>7)</sup>
				Gedangan	6.30 - 8.30.	Weltevreden:
				Bangkong	6.30 - 8.30.	Waterlooplein
				Tjandi	7.30.	Kramat
				Randoesari	7 - 9.	Wonosobo <sup>8)</sup>
				Singkawang	6.30 - 9.	Woloan
				Soekaboemi	6 - 7.30.	
				Heuvel	5.30.	

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.

<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiao<sup>2</sup> doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 3e. Achad.

caat, margi syndicaat poenika waoe boten patos netepi pranatan.

Ingkang kinadjengaken, badé jasa margi sepoer saking soenglon Pèrsi dateng saganten Kaspi, nglangoeng Hamadan toewin Teheran, waragadiipoen karantjang kirang langkoeng 20 mljien pondsterling.

#### PILIPINAH.

Dérèng mateng.

Staatssecretaris departement Oorlog Amerika nembé poenika kintoen serat dateng Senaatcommissie Philipijnen, mratlakaken bilih tetijang Pilipinah dérèng mateng kanggé bawa pribadi, mila sapoepikanipoen babar pisan dérèng preloem nemtok-aken bén-djing poenapa tanggal kardikanipoen tanah Pilipinah.

Tijang Pilipinah kapeorih njinaoe roemijn prakawis:

a. Keprijé enggoné ngilangi tangoengané Amerika Sarékaat temrap wong - wong sing doevel obligatie lan dadi boeboehané landskas Pilipinah (tegesipoen: apa bisa nampa oetangé nagara Pilipinah); b. apa Pilipinah kebangkat ngangkat finaciën kanggo marentah déwe; apa bisa merangi pangaribawané politiek sadjaja lan sadironing nagara samangsa dimeridikaké; apa bakal nganggo basa boemi sidji sing oemoen.

Serat - serat kabar sami anegesi serat waoe: paréntah Amerika Sarikat saiki, babar bisan ora njondongi kamardikaning nagara Pilipinah. (Aneta Radio saking Manilla, tanggal 21 Mei).

#### WAWASAN BOEKOE.

Nembé tampi boekoe saking Firma J. B. Wolters:

Pratikelé moelang anggitané

Boeat toean poenja

# Recept<sup>2</sup>

APOTHEKEN

**Rathkamp**  
& Co  
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN  
NGAJOGJAKARTA.

#### Sepeda - sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.

TOURIST: A. A. sarta A.

#### Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55,—, f 65,—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metalicus. Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoon tosan sarta tjét wènter.

PENJADÉJAN KENTJENG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet keterangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:  
"WIRIOSOESENO"

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

L. van Rijckevoer

Directeur Normaalschool ing Ambarawa.

Boekoe poenika kanggé moerid ing Normaalschool toewin goeroe ing pameloengan andap. Boekoe poenika ngrembag pratikeliopen moelangaken woelangan ing sekolahán alit, kadosta: maos, étang, njerat liss.; dodos inggih anggepok, poenapa ingkang kedah kawoelangaken ing satoenggal-toenggaling klas.

Kedjawi poénika, sebab ing klas ingkang andap pijambak (klas I) poenika laréniopoen (sadaja moerid) nama taksih miwiti ing sadajanipoen, mila goeroe kawantos-wantos sanget, sopaadoes ngrékadaja, sagedipoen larélaré waoe seneng sinaoe; mila ing boekoe inggih katerangaken pandjang sanget, nglangoeng manawi nerangaken pratikeliopen moelang klas sanés (klas inggil).

Boten namoeng pratikeling moelang klas I kémawon, anangging pratikeliopen moelang klas sanés-ipoen oegi katerangaken; poenapa malih anggènipoen nerangaken ing satjéta-tjetanipoen, ngantos saking pamanggih koela, sadaja para goeroe, ingkang temen-temen angenglahi pangkatipoen saha anggatas-aken kawadji-banipoen, toewin kepingin soepados moeridipoen énggal saged (pinter) tan boten, temtoe badé seneng maos boekoe kasbat nginggil. Moegi-moegi sadaja goeroe amoendoet boekoe poenika, lajdeng kasinaoea ingkang sajektos, sampaenipoen mangertos kaetjakna.

Basanipoen boekoe poenika pasada, tjeta, sampaen nama saé, sanadjan wonten oekara ingkang salong taksih kénging kalowesakan. Saged toembas ing Firma J. B. Wolters: regi namoeng: f 1,25. Mangga dipointjobi.